



**Pwogram pou Detekte Kansè  
Byen Bonè nan Tete ak Kòl Matris nan Florida  
(Florida Breast and Cervical Cancer  
Early Detection Program, FBCC)**

**DOSYE APLIKASYON**

**Kliyan ak Sit Entènèt Sèlman**

**Si w genyen kesyon, tanpri rele:**

Kowòdonatè Rejyonal:

Konte ki Desèvi pou Chak Rejyon:

Telefòn: \_\_\_\_\_

Faks Konfidansyèl: \_\_\_\_\_

**Tanpri sèvi ak lis verifikasyon ki anba a pou asire w ou fin ranpli tout dokiman yo epi ou voye yo retounen avèk fèy kouvèti sa a bay:**

Biwo Rejyonal FBCC a nan \_\_\_\_\_ pa faks konfidansyèl oswa pa lapòs bay:

Depatman Sante Florida Konte \_\_\_\_\_  
Pwogram pou Detekte Kansè Byen Bonè nan Tete ak Kòl Matris nan Florida

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**LIS VERIFIKASYON KLIYAN AN**

- |                          |   |
|--------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> | Akò Anyèl pou Aplikan an                                      |
| <input type="checkbox"/> | Fòm Kalifikasyon Finansyèl                                    |
| <input type="checkbox"/> | Fòm Enskripsyon Kliyan an                                     |
| <input type="checkbox"/> | Inisyasyon Sèvis ( <i>pou Depatman Sante Konte a sèlman</i> ) |
| <input type="checkbox"/> | Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon Konfidansyèl                |
| <input type="checkbox"/> | Preskripsyon Mamogram Founisè w la                            |



## Pwogram Florida pou Detekte Kansè Bonè nan Tete ak Kòl Matris

### Akò Anyèl pou Kandida

Yo itilize Akò Anyèl pou Aplikasyon (AAA) pou jwenn otorizasyon ak enfòmasyon nan men fi ki kalifye pou Pwogram Florid pou Deteksyon Bonè Kansè nan Tete ak Kòl Matris (Florida Breast and Cervical Cancer Early Detection Program, FBCC). FBCCEDP pral kolekte Enfòmasyon sou Pwoteksyon Sante patisipan yo (Protected Health Information PHI) ak Enfòmasyon Pèsonèl Idantifyab (Personal Identifiable Information, PII) yo mande pou bay sèvis pasyan yo.

Tanpri, fè lekti chak deklarasyon ki anba a epi aksepte nan siyen nan anba paj la.

Kòm yon kandida FBCC, Mwen deklare:

1. Mwen ap viv nan Florid epi Mwen vle vinn yon kliyan Pwogram Florida pou Deteksyon Bonè pou Kansè nan Tete ak Kòl Matris (Florida Breast and Cervical Cancer Early Detection Program, FBCC) epi mwen ka soti ladann nenpòt lè.
  2. Revni fanmi mwen anvan tout dediksyon egal oswa pi ba ke 200% Nivo Povrete Federal la epi mwen pa gen okenn asirans sante ki peye pou egzamen yo pou depistaj kansè nan tete ak nan kòl matris.
  3. Mwen p ap kalifye pou FBCC ankò si revni mwen chanje epi li vin anwo 200% Nivo Povrete Federal la.
  4. Map rele FBCC kou mwen gen asirans sante epi m ap ba yo non konpayi asirans sante a, nimewo kontra asiransan ak dat li kòmanse. Si asirans sante mwen garanti depistaj yo pou kansè nan tete ak kansè nan kòl matris, FBCC pap peye pou depistaj mwen yo ankò.
  5. M ap kominike nenpòt tès oswa sèvis depistaj nan tete ak nan kòl matris ki ka afekte kalifikasyon m pou m enskri nan FBCC.
- 
6. Mwen ka responsab yon pati nan frè yo pou sèten sèvis.
  7. M ap itilize yon founisè swen otorize pou egzamen mwen yo pou depistaj nan tete ak/oswa nan kòl matris (egzamen tete, mamogram, ak/oswa tès Pap).
  8. **Mwen dakò pou mwen fè nenpòt tès suivi nan 60 jou oplita. Si mwen pa respekte machaswiv sa yo, mwen gendwa responsab tout frè yo ann antye oswa an pati pou tout sèvis yo.**
- 
9. M ap otorize yo fè echanj ak kominikasyon enfòmasyon medikal mwen yo ant founisè swen sante mwen yo, FBCC a, Rejis Done Kansè Depatman Sante Florid an, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention), ak lòt moun ki gen rapò ak swen sante mwen. Enfòmasyon sa yo ka gen ladan istwa medikal, egzamen ak rezilta pwosedi yo, menm si se pa FBCC ki te peye pou yo.
  10. Mwen dakò pou mwen resevwa kontak nan telefòn oswa nan kourye lapòs avèk FBCC ak Pwogram Medicaid Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF) konsènan swen sante mwen.
  11. Mwen konprann FBCC se yon pwogram pou detekte kansè nan tete ak kansè nan kòl matris li ye, li pa yon pwogram tretman pou kansè.
  12. Si yo fè yon dyagnostik kansè nan tete oswa kansè nan kòl matris pou mwen nan depistaj FBCC a, y ap refere m nan Pwogram Medicaid DCF ki pral detèmine si mwen kalifye pou avantaj Medicaid ki garanti frè pou tretman an. Mwen ka aplike pou depistaj nan FBCC ankò depi tretman an fin fèt.
- 
13. Akò sa a fèt pou **yon** ane, sof si kalifikasyon mwen chanje pou pwogram lan. Si sitiyasyon kalifikasyon mwen chanje oswa si akò sa a ap ekspire, mwen gendwa responsab pou sèvis yo bay pandan peryòd mwen pa kalifye pou FBCC a.
  14. **Jan Lalwa Federal Otorize li, Tit 5 U.S. seksyon 552a, kolèk Nimewo Sekirite Sosyal pou Depatman Lasante Florida pou FBCC kapab nesesè pou aplike epi resevwa avantaj Medicaid.**

Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte Kowòdonatè Rejyonal lokal ou a nan biwo lokal FBCC a nan:

FBCC Rejyonal Lokal la: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Ekri Non an ak Lèt Detache

\_\_\_\_\_  
Dat Nesans

Adrès Imèl Kliyan an: \_\_\_\_\_



# Pwogram Florida Deteksyon Bonè Kansè nan Tete ak Kòl Matris

## KALIFIKASYON FINANSYÈ

Non Kliyan an: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_ ID #: \_\_\_\_\_

- Èske ou gen Medicaid?  WI  NON OSWA Èske ou gen Medicare?  WI  NON
- Èske ou gen yon asirans sante kèlkonk?  WI  NON Non Asirans la \_\_\_\_\_
- Kantite moun ki nan kay la.** \_\_\_\_\_ (oumenm ladann tou, madanm oubyen patnè ki nan inyon sivil, aktimoun ki depandan)
- Revni Kay la (Apre Taks):** \$ \_\_\_\_\_ Mwa **OUBYEN** \$ \_\_\_\_\_ Lane

Lajè Fanmi an	2024 DOH Echèl Revni Chak Mwa	2024 DOH Echèl Revni Chak Mwa
1	\$2,509.91	\$30,119.00
2	\$3,406.58	\$40,879.00
3	\$4,303.25	\$51,639.00
4	\$5,199.91	\$62,399.00
5	\$6,096.58	\$73,159.00
6	\$6,993.25	\$83,919.00
7	\$7,889.91	\$94,679.00
8	\$8,786.58	\$105,439.00
9	\$9,683.25	\$116,199.00
10	\$10,579.91	\$126,959.00

Mwen sètifye enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a se verite epi yo egzat selon sa mwen konnen. Mwen bay depatman sante konsantman pou fè ankèt epi verifye enfòmasyon an. Mwen konprann si mwen fè espere bay move enfòmasyon, mwen ka responsab pou pouswit jidisyè anba lwa Eta a si mwen bay move enfòmasyon.

### REMAK:

***Si mwen jwenn pwoteksyon asirans sante, pandan mwen anba FBCC, se responsab mwen pou notifye biwo REJYONAL FBCC pi vit posib.***

Siyati: \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri rele kowòdonatè rejyonalla nan \_\_\_\_\_ ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi pou rive vendredi. Nou pral fè tout efò pou retounen ou apèl la nan yon lè ki apwopriye.

Mwen konprann pi lwen tout depistaj ak pwosedi dyagnostik sipoze fini nan 60 jou oubyen pèman pou tout sèvis sa yo PA KA garanti.



# Pwogram pou Detekte Kansè Byen Bonè nan Tete ak Kòl Matris ki nan Florida Fòm Enskripsyon Kliyan an

SIYATI:		PRENON:		NON JÈN FI:		DAT NESANS:	
---------	--	---------	--	-------------	--	-------------	--

## 1. ENFÒMASYON SOU MOUN K AP APLIKE A (Tanpri ranpli chak seksyon nan aplikasyon sa a.)

### ENFÒMASYON POU KONTAKTE OU

ADRÈS RI: \_\_\_\_\_

ADRÈS RI: \_\_\_\_\_

VIL ak KÒD POSTAL: \_\_\_\_\_

ADRÈS IMÈL: \_\_\_\_\_

TELEFÒN PRENSIPAL: \_\_\_\_\_

TELEFÒN ALTÈNATIF: \_\_\_\_\_

### PI BON LÈ POU JWENN OU:

A.M.  P.M.  Nenpòt lè

Èske gen pwoblèm pou kite yon mesaj?

JOU/LÈ OU PI PITO POU RANDEVOU \_\_\_\_\_

### KIJAN OU FÈ TANDE DE PWOGRAM SA A?

(Chwazi tout sa ki aplike yo)

- |  |  |
|--|--|
| <input type="checkbox"/> Sosyete Ameriken kont Kansè (American Cancer Society) | <input type="checkbox"/> Kat postal                    |
| <input type="checkbox"/> Bwochi  | <input type="checkbox"/> Televizyon                    |
| <input type="checkbox"/> Depatman Sante Konte a                                | <input type="checkbox"/> Radyo                         |
| <input type="checkbox"/> Fwa Kominotè/Sante                                    | <input type="checkbox"/> Medya Sosyal                  |
| <input type="checkbox"/> Fanmi/Zanmi   | <input type="checkbox"/> Sesyon Edikatif               |
| <input type="checkbox"/> Entènèt/Sit wèb                                       | <input type="checkbox"/> Dizay/ban/pano sou yon otobis |
| <input type="checkbox"/> Biwo Medikal Prive                                    | <input type="checkbox"/> Afich oswa pano               |
| <input type="checkbox"/> Journal   | Non Klinik Sante Kominotè a: _____                     |
| <input type="checkbox"/> Sant Sante Federal Kalifye                            | _____  |
| <input type="checkbox"/> Lòt   | _____  |

### ESTATI TÈS DEPISTAJ LA (Chwazi yon repons sèlman.)

Inisyèl (premye fwa w nan pwogram lan)  Refè tès depistaj la (nan pwogram lan deja)

Swivi akoutèm oswa egzamen ou fè plizyè fwa (ou gen mwens pase 300 jou depi ou te fè dènye tès depistaj la)

Èske gen asirans sante?  Wi  Non

Si wi, ki non asirans ou an? \_\_\_\_\_

### ENFÒMASYON DEMOGRAFIK

#### ESTATI REZIDANS AK SITWAYENTE (Chwazi tout sa ki aplike yo.)

Rezidan Florida  Sitwayen Etazini  Sitwayen ki gen papyè legal  Lòt

#### IDANTIFIKASYON ETNIK AK RAS (Chwazi tout sa ki aplike yo.)

Panyòl/Latino  Moun ki Pa Panyòl/Latino

#### IDANTITE RASYAL

Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska

Azyatik

Nwa oswa Afriken Ameriken

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

#### LANG OU PALE

Lang prensipal ou pale: \_\_\_\_\_

Lòt lang ou pale: \_\_\_\_\_

Lang ou pi pito pou resevwa bagay nan lapòs:  Anglè  Panyòl  Kreyòl

#### Baryè

Èske gen nenpòt baryè ki ta anpeche w kenbe randevou w yo?

Transpò  Lang  Andikap

Lòt (lis) \_\_\_\_\_

### FOR OFFICE USE ONLY

Client Assigned ID# or Pseudo SS#: \_\_\_\_\_



# Pwogram pou Detekte Kansè Byen Bonè nan Tete ak Kòl Matris ki nan Florida Fòm Enskripsyon Kliyan an

SIYATI:	<input type="text"/>	PRENON:	<input type="text"/>	NON JEN FI:	<input type="text"/>	DAT NESANS:	<input type="text"/>
---------	----------------------	---------	----------------------	-------------	----------------------	-------------	----------------------

## 2. KI JAN SANTE OU TE YE

### ESTA SANTE JENERAL (Chwazi tout sa ki aplike yo.)

- |                                     |   |
|-------------------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> Dyabèt     | <input type="checkbox"/> PreDyabèt        |
| <input type="checkbox"/> Tansyon Wo | <input type="checkbox"/> Kolestewòl ki Wo |

WOTÈ (pous):

PWA (liv):

### EGZAMEN TETE OU TE KONN FÈ (Chwazi tout sa ki aplike yo.)

- Èske ou gen fo tete?
- Èske aktyèlman la a ou gen pwoblèm nan tete ou? Eksplike.

- Èske yo poko janm fè dyagnostik kansè nan tete pou ou?  
Si yo te di w sa, ki tretman ou te resevwa?

Ki lè tretman ou an te fini (Mwa/Ane)?

Ki dènye fwa ou te fè mamogram anvan ou enskri nan pwogram sa a? (Mwa/Ane)

- Okenn  M pa sonje (2 ane oswa plis)

Ki kote ou te fè dènye mamogram ou an? (Founisè, Vil, Eta)

### ANTESEDAN FAMILYAL

Èske gen moun nan fanmi ou, tankou manman, sè, frè, oswa papa ou, yo te fè dyagnostik kansè nan tete pou yo? Si repons la se wi, kiyès?

### ÈSKE OU UTILIZE TABAK

(tankou rale vapè, sigarèt elektwonik, ak pwodwi ki menm jan an)  
(Chwazi tout sa ki aplike yo.)

- |   |  |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Chak jou           | <input type="checkbox"/> Èske yo te refere w nan Quitline? |
| <input type="checkbox"/> Kèk jou            | <input type="checkbox"/> Mwen te refize referans la        |
| <input type="checkbox"/> Jamè/pa ditou      | <input type="checkbox"/> Mwen enterese nan kite fimèn.     |
| <input type="checkbox"/> Mwen refize reponn |  |

### EGZAMEN KÒL MATRIS OU TE KONN FÈ (Chwazi tout sa ki aplike yo.)

- Èske aktyèlman la a ou gen pwoblèm nan kòl matris ou? Eksplike.
- Eske poko janm gen yon doktè ki di w ou gen kansè nan kòl matris k ap pwogrese?  
Si wi, ki tretman ou te resevwa?

Ki lè tretman ou an te fini (Mwa/Ane)?

Ki dènye fwa ou te fè Pap tès anvan ou enskri nan pwogram sa a? (Mwa/Ane)

- Okenn  M pa sonje (10 ane oswa plis)

Ki kote ou te fè dènye Pap tès ou a? (Founisè, Vil, Eta)

- Èske ou poko janm sibi yon operasyon pou retire matris ou (isterektomi)? Espesifye si li pasyèl oswa konplè.
- Isterektomi pasyèl (Kòl matris mwen toujou la)  Isterektomi konplè (m pa gen kòl matris)  
Pou ki rezon yo te fè isterektomi an?

**FOR OFFICE USE ONLY**  
Client Assigned ID# or Pseudo SS#:



# KÒMANSMAN SÈVIS

## **PATI I**

### **KONSANTMAN RELASYON ANT KLIYAN AK PWOFEYONÈL SWEN SANTE A**

Non Kliyan an: \_\_\_\_\_

Non Ajans lan: \_\_\_\_\_

Adrès Ajans lan: \_\_\_\_\_

Mwen bay konsantman m pou antre nan yon relasyon ant kliyan ak founisè. Mwen otorize pèsònèl Depatman Sante a ak reprezantan l yo pou yo bay swen sante woutin. Mwen konprann swen sante woutin nan konfidansyèl epi se si mwen vle m ap resevwa l, epi li ka gen vizi t medikal tankou pou jwenn dosye medikal, evalyasyon, egzamen, bay medikaman, tès laboratwa ak/oswa ti pwosedi piti. Mwen ka sispann relasyon sa a nenpòt lè.

\_\_\_\_\_ Lè mwen mete inisyal mwen sou liy sa a, mwen rekonèt yo te ban mwen yon Fich Enfòmasyon sou Konsantman Eklere Telesante mwen bay konsantman mwen pou yo banm kèk sèvis pa mwayen telesante. Mwen kapab anile konsantman mwen an nenpòt moman pou yo sispann sèvis telesante yo san sa pa afekte dwa mwen genyen pou benefisye swen oswa tretman alavni.

## **PATI II**

### **KONSANTMAN POU PATAJE ENFÒMASYON (tretman, peman oswa operasyon swen sante sèlman)**

Mwen dakò pou yo itilize ak pataje enfòmasyon sou sante mwen; ki gen ladan swen medikal, swen pou dan, VIH / SIDA, MST, TB, prevansyon konsomasyon sibstans, sikyatrik / sikolojik, ak jesyon dosye; pou tretman, peman ak operasyon swen sante. Anplis, mwen bay konsantman mwen pou yo pataje enfòmasyon sou sante mwen nan Echanj Enfòmasyon sou Sante (Health Information Exchange, HIE) lan, ki bay biwo doktè k ap fè tretman, lopital, kowòdonatè swen yo, laboratwa, sant radyografi yo, ansanm ak lò pwofesyonèl swen sante yo aksè pa mwayen ki gen sekirite epi anliy. Si ou pa chwazi pataje enfòmasyon ou yo nan HIE an, ou kapab dezenskri lè w fè demann epi siyen yon fòm Dezenskripsyon HIE an.

## **PATI III**

### **SÈTIFIKA PASYAN MEDICARE, OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON, AK DEMANN POU PEMAN (Aplike sèlman pou Kliyan Medicare yo)**

Kòm Kliyan/ Reprezantan ki siyen anba a, mwen sètifye enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon pou peman dapre Tit XVIII Lwa Sekirite Sosyal la kòrèk. Mwen otorize ajans ki endike anwo a pou pataje enfòmasyon sou sante mwen bay Administrasyon Sekirite Sosyal la oswa entèmedyè/founisè sèvis li yo pou reklamasyon Medicare sa a oswa yon lòt ki gen rapò ak li. Mwen mande pou peye avantaj otorize yo pou mwen. Mwen transfere avantaj pou peye sèvis doktè bay ajans ki site pi wo a epi otorize li soumèt yon demann pou peye bay Medicare.

## **PATI IV**

### **TRANSFÈ AVANTAJ (Aplike sèlman pou Antite Peman Endepandan)**

Kòm Kliyan/ Reprezantan ki siyen anba a, mwen bay ajans ki endike anwo a tout avantaj yo bay nan nenpòt plan swen sante oswa politik depans medikal. Montan avantaj sa yo pa dwe depase chaj depans medikal ki etabli nan tablo frè ki apwouve a. Tout peman dapre paragaf sa a dwe fèt pou ajans ki pi wo a. Mwen pèsònèlman responsab pou depans ki pa fè pati otorizasyon sa a.

## **PATI V**

### **REKOUVREMAN, ITILIZE, OSWA BAY NIMEWO SEKIRITE SOSYAL**

(Nou bay avi sa a dapre Seksyon 119.071 (5) (a), Lwa Florida yo.)

Pou pwogram swen sante yo, Depatman Sante Florida a ka pran nimewo sekirite sosyal ou pou idantifikasyon ak pou faktirasyon, jan sa otorize nan sousesyon 119.071 (5) (a) 2.a. ak 119.071 (5) (a) 6, Lwa Florida yo. Depi mwen siyen anba a, mwen dakò pou yo kolekte, itilize oswa bay nimewo sekirite sosyal mwen pou rezon idantifikasyon ak faktirasyon sèlman. Yo pa pral itilize l pou okenn lòt rezon. Mwen konprann se yon obligasyon pou Depatman Sante Florida a kolekte nimewo sekirite sosyal yo pou li akonpli tach ak asime responsab lalwa ba li.

## **PATI VI**

### **SIYATI MWEN ANBA LA A KONFIME ENFÒMASYON KI ANWO YO EPI LI DI MWEN TE RESEVWA AVI KONSÈNAN DWA KONFIDANSYALITE YO**

\_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan/Reprezantan an

\_\_\_\_\_  
Relasyon Mwen oswa Reprezantan an genyen ak Kliyan an

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Temwen (fakiltatif)

\_\_\_\_\_  
Dat

## **PATI VII**

### **ANILASYON KONSANTMAN AN**

Mwen, \_\_\_\_\_ ANILE KONSANTMAN SA A, apati \_\_\_\_\_  
Siyati Kliyan/Reprezantan an Dat



# OTORIZASYON POU PATAJE ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL

## KOTE KI KAPAB BAY ENFÒMASYON SA YO:

Moun/Etablisman an: \_\_\_\_\_ Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

## KOTE YO KAPAB BAY ENFÒMASYON SA YO:

Moun/Etablisman an: **Department of Health in Sarasota** Nimewo Telefòn: **941-861-2928**

## METÒD POU PATAJE ENFÒMASYON YO:

\_\_\_\_\_ Pase pran nan Klinik/Sant

\_\_\_\_\_ Adrès: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ **Nimewo Faks: 941-554-5512**

\_\_\_\_\_ Adrès Imèl: (Tanpri sonje voye imèl se pa yon metòd sekirize nan komunikasyon)

## ENFÒMASYON YO KA PATAJE: (Premye Vizit)

\_\_\_\_\_ Dosye Medikal Jeneral      \_\_\_\_\_ Dosye STD      \_\_\_\_\_ Dosye TB      \_\_\_\_\_ Rezilta Istorik ak Egzamen Fizik yo

\_\_\_\_\_ Vaksen      \_\_\_\_\_ Planin Familyal      \_\_\_\_\_ Dosye Gwosès      \_\_\_\_\_ Konsiltasyon

\_\_\_\_\_ Nòt sou Pwogrè yo

\_\_\_\_\_ **Rapò Tès Dyagnostik (esplike ki Tip Tès) Breast & Cervical**

\_\_\_\_\_ Lòt (tanpri esplike) \_\_\_\_\_

## Mwen espesyalman otorize pou yo pataje enfòmasyon ki gen rapò ak: (Premye Vizit)

\_\_\_\_\_ Rezilta Tès HIV      \_\_\_\_\_ Dosye Kliyan sou Sèvis Abi Sibstans pou Swen Pwofesyonèl.

\_\_\_\_\_ Nòt Sikyatrik, Sikolojik oubyen Sikoterapetik      \_\_\_\_\_ Seleksyon bonè      \_\_\_\_\_ WIC

## REZON POU PATAJE ENFÒMASYON YO:

\_\_\_\_\_ **Kontinye pran swen**      \_\_\_\_\_ Itilizasyon Pèsonèl      \_\_\_\_\_ Lòt (tanpri esplike) \_\_\_\_\_

**DAT EKSPIRASYON:** Otorizasyon sa ap ekspire (mete dat oubyen evenman) \_\_\_\_\_. Mwen konprann si mwen pa presize yon dat ekspirasyon oubyen yon evènman, otorizasyon sa ap fini douz (12) mwa apre dat yo te siyen li a.

**POU RE-PATAJE ENFÒMASYON YO:** Mwen konprann depi yo pataje enfòmasyon sa yo, benefisyè yo kapab pataje yo ankò epi lwa federal ak règleman kapab pa pwoteje yo.

**KONDISYON:** Mwen konprann mwen konplete fòm otorizasyon sa a libelibè. Mwen reyalize yo p ap refize m tretman si mwen refize siyen fòm sa a.

**REVOKASYON:** Mwen konprann mwen ka anile otorizasyon mwen nenpòt lè. Si mwen revoke otorizasyon sa, mwen konprann mwen dwe revoke li alekri epi mwen sipoze prezante revokasyon mwen pou yo mete l nan dosye depatman medikal la. Mwen konprann si mwen anile li, sa p ap aplikab pou enfòmasyon ki deja pase kòm repons pou otorizasyon sa. Mwen konprann si mwen anile li, sa p ap aplikab pou konpayi asirans mwen an, Medicaid ak Medicare.

\_\_\_\_\_  
**Siyati Kliyan / Reprizantan**

\_\_\_\_\_  
**Dat la**

\_\_\_\_\_  
Ekri Non an ak Lèt Detache

\_\_\_\_\_  
Kisa Reprizantan Legal la ye pou Kliyan an.

Si ou se reprizantan legal moun w ap mande enfòmasyon l lan, ou sipoze bay dokiman ki pwouve otorite legal ou pou mande enfòmasyon sa yo (pa egzanp, manda pou jere reklamasyon an, fòm pou swen sante ranplasan an, òdonans, randevou pou responsabilite legal, òdonans pou reprizantan pèsonèl, lèt administrasyon).

**Non Kliyan an:** \_\_\_\_\_

**ID #:** \_\_\_\_\_

**DAT NESANS:** \_\_\_\_\_

**Orijinal:** Pou klase **Kopye:** Pou kliyan **Kopye:** Pou Akonpaye Enfòmasyon yo Pataje a